Ассаламу гIалайкум!

# АХИХЪАН



Газета бахъизе байбихьана 1937 с. Унсоколо районалъул газета «Садовод» sadovoduns@yandex.ru

№ 34 (7226) 19 август Рузман 2016 сон. Газета биччала моцIида жаниб 4 нухалъ. Багъа 7 гъуруа

Данделъаби: налогал ракIари ва ракьал тIад хъвай

## ТIадал ишал тIуразе ккола



Районалъул администрациялъул конференц-залалда гъал къоязда бетIерасул зам. С. АрулмухIамадовасул нухмалъиялда гъоркь букIана хIалтIулаб совещание. Гьелъул аслиял суалазул цояб букIана налогал ракIари ва росабазул ракьул участкабазул актуализация гьаби. КIалъалаго С. АрулмухIамадовас бегIерго данделъаразул кIвар буссинабун буголъиялде, ракъазде, транспорталде рачIунел налогал ракIариялде ва гьелъул планал чара гьечIого тIуразаризе ккелде.

Совещаниялда гIахьаллъарав налоговияб инспекциялъул вакилас бицана гьабсагIаталда гьеб ишалда хурхун бугеб налъиялъул, гьеб тIубазабиялъе чIванкъотIарал масъалаби цере лъолел предложениял къезе ахIана кIалъазе рахъарал.

Аслияб куцалда кIвар буссинабун букIана ракьул налог бакIариялде. Экономикияб отделалъул начальникасул зам, ХI-М. МалламухIамадовас бицана гьеб ишалда хурхун росабалъ гьабулеб бугеб бичIчIи кьеялъул хIалтIул «Гьелдаго цадахъ щибаб азбаралде щун бицунеб буго ракьул актуализация гьабизе ккеялъул, заманалда налогал кьеялъул». Гьединго налогал ракIариялде руссарал кIалъаял гьаруна росабазул бутIруз.

БетIерасул зам. С. АрулмухIамадовас росабазул бутIрузда тIадаблъун гьабуна: тIоцебе налог бакIаре администрациялъул, бюджеталъулал организациязул хIалтIухъабазухъа. Гьедин гьез бихьизабизе ккола налогал ракIариялъул мисал. Кутаклъизабизе кколин бихьизабуна гьес ракьазул актуализация гьабиялъул суалги.

---

## Поселокалда лъим чIезабиялда хурхун

**I5 августалда райадминистрациялда букIана иргадулаб аппараталъулаб совещание. Гьенир гIахьаллъана бетIерасул замал М. ХIамзатов, М. ХIасанова, кумекчи М. ХIажиев, учреждениял организациязул нухмалъулел. Гьоркьор лъуна районалъул насосазул станциялъул, школал цIияб цIалул соналде хIадурлъиялъул, росдал магIишаталъул переписалъул иналъул суалал.**

Насосалъулаб станциялъул хIалтIул бицана ЖККХялъул отделалъул нач. А. ГIабдулхаликъовас. -Насосалъулаб станциялъул хал гьабуна хасаб комиссиялъ. ХIалтIулъ гIемерал гIоларел рахъал рукIин тIатана, амма насосалъ I00 % лъим кьабулеб буго. Буго букIине кколеб мощность, кьабула сагIаталда жаниб 480 тонна лъел. «Нилъеца дагьаб бицинчIо гьабсагIаталда гIадамаз ахал, хурзал, бахчаби лъалъаялъул, гьелъ гIезегIанго захIмалъаби дандчIвалел руго»,-ян абуна ГIабдулхаликъовас. – ГьабсагIаталда ралел руго цIадал, гьелъ лъадал захIмалъаби гьечIо. Лъим букIине кколеб къадаралда бачIунеб буго. БукIаниги лъазаризе ккола киналго лъинал унел бакIал ва гьел къачIазе ккола. Дица предложение кьола насосалъулаб станция бичизе аукционалда лъе,-ян, яги ралагьизе ккола инвесторал, жидецаго станциялъе хъулухъ гьабулел.

КIалъазе рахъаразул кIалъаяз бихьизабуна хIалтIизабулеб лъим 5 нухалъ нормаялдаса цIикIкIараб бугин. Гьедин нормативалда рекъон 52I азарго куб. лъел хIажалъула. Насосалъ абуни кьабулеб буго лъагIалие 4 млн. куб. лъел. БетIерасул кумекчи М. ХIажиевас кьуна лъинал чвахизе течIого къачIаялъул, станция аукционалда лъеялъул суалазда хурхун кколезе тIадкъаял. Гьединго цIадаз хвезарурал нухал къачIазе ккеялдеги кIвар кьуна данделъиялда.





ЦIияб цIалул соналде, хасалиде лъай кьеялъул учреждениял хIадурлъиялъул бицана Л. МухIамадгIалиевас. Бихьизабуна цIалул сон щвелалдего школазда, лъималазул ахазда педагогазул конкурсал ва цогидалги тадбирал унел ругин.

«Радость сирот» социалияб акция тIобитIизе хIадурлъиялъул совещаниялда бицана КЦСОНалъул хIалтIухъан П. ХIамзатовалъ. -Акция тIобитIизе буго I8 августалъ. Школалъул гIелалъул лъимал ритIизе руго республикаялъул тахшагьаралде. Гьенир рукIине руго гьезие культураялъулгун рекIелгъеялъул тадбирал. РакIалде щвезабизин Унсоколо районалъул гIолилазул цолъиялъул х1аракатчилъиялъул рахъ ккуна районалъул бетIер ГI. НурмухIамадовас, общественносталъ ва духовенство ялъ.

## Министерство сельского хозяйства сообщает:

В связи с участившимися случаями возникновения на территории Республике Дагестан очагов распространения опасных вредителей в виде нашествия саранчи, гибели посевов под воздействием негативных природно-климатических факторов (затопление) в последние годы наблюдается тенденция увеличения потерь урожая сельскохозяйственных культур.

При возникновении таких ситуаций сельхозтоваропроизводители нередко обращаются в Минсельхозпрод РД с просьбой оказания государственной поддержки в вопросах возмещения ущерба.

В соответствии с ФЗ РФ № 260-ФЗ от 25 июля 2011 года. «О государственной поддержке в сфере сельскохозяйственного страхования и внесении изменений в Федеральный закон» О развитии сельского хозяйства «, одним из механизмов оказания государственной поддержки является страхование посевов сельскохозяйственных культур и многолетних насаждений, при этом 50% суммы страховых взносов по договорам страхования сельскохозяйственных культур возмещается в виде субсидий за счет средств бюджета.

При наступлений страхового случая страховая компания возмещает сельхозтоваропроизводителю ущерб в размере страховой стоимости застрахованного урожая сельхозкультур.

Возместить ущерб, возникающий в случае гибели посевов и многолетних насаждений возможно лишь при заключении договора по страхованию.

Иных форм оказания государственной поддержки в случае гибели урожая сельскохозяйственных культур нет.

---

## Байбихьулал бизнесменазе кумекал рукIина

I6 августалда райадминистрациялда букIана РДялъул предпринимательствалъул ва инвестициялъул Агентствалъул вакилзабиги рачIун гьабулеб совещание. Гьелъул нухмалъулесул зам. ХIамид МухIамадовас бицана щиб мурадалъе гIоло Агенство гIуцIарабали ва кинал суалал гьелъ тIуразарулелали. Аслияб тема букIана гьанжего гьанже байбихьулел бизнесменазе грантазулал конкурсал гIуцIи, гьединго инвестпроектал хIадури, гьелда тIадеги туристазе санагIатал шартIал районалда гIуцIи.

(Ахир 4 гъумералда)

Ахихъан
*Районалъул газета*
*№ 34 (7226)*
*19 август 2016 сон*

2 гьумер

Республикаялъул БетIер Р. ГIабдулатIиповас бихьизабуна «КIвар буго Дагъистаналда рацIцIадал, унго-унгоял рищиял тIоритIиялъул»,-абун. Ва баркала загьир гьабуна гьелъулъ мисал бихьизабулезе. I8 сентябралда Дагъистаналда 2000ялде гIагарун рищиязул участкаби рагьизе руго.



АхIулгохIда рагъал ккаралдаса - 177 сон

# АхIул гохIда рагъаразул сияхI

(Аллагьас мунагьал чураги гьезул, шафакъат нилъееги щваги!)

## АхIул гохIда шагьидлъана

I. ЧIикIаса МуртазагIали-бахIарчи. Шамилица бахIарзазда гьоркьоб гьесул цIар тIоцебе рехсана.

2. Хунзахъа Хириясул вас ГIалибег-гIалимчи, багьадур, «Сурхайил си» машгьурлъизабурав мугьажир. АхIулгохIалъул бищунго машгьурал ва таваккалал бахIарзазул цояв.

3. Генуса Бартихан -Шамил имамасул инсул вац, гIалимчи, АхIулгохIалъул бахIарчи.

4. Колоса Сурхай-машгьурав гIалимчи, махщел тIокIав устар, мугьажир. Гьесул цIар буго гьабсагIаталдаги Щулалъул гохIалда.

5. ЧIиркъатIаса Гъази -тIаде ккараб къо баччулев рагъухъан, гIалимчи. Хвана бахIарчи гIадин.

6. Рихьуниса Билалил вас МухIамад -биценалда рекъон цо къоялъ нусгоялде гIагарун тушман чIварав игит. Рагъул ахираб къоялда гIарадаялъул гуллица гьесул гъеж лъукъана, гIицIго щукIдуз ккун далун хутIараб гъеж гьес хIетIеги тIад чIун тIун рехана. Рагъда кутакалда свакарав гьев гIурусазухъе асирлъуде ккана ва гьенивго хутIана. Гьенивги гьев тушманасе хIеккунароан.

7. Рихьуниса МухIамад -бахIарчи гIадин хвана.

8. Хиракил вас ХIусейн -Аргъваниса багьадур, цо къоялда I00 ялдасаги хадув тушман чIвана гьес.

9. Ханакайил вас МухIамад-Аргъваниса бахIарчи.

I0. Генуса МухIамад-тIоцевесев имам ГъазимухIамадил яца лъул вас, багьадур, гIолохъанав гIалимчи, бахIарчи гIадин хвана АхIулгохI цIунулел тIоцересел къояздаго. Шамилие гьев кутакалда вокьулаан.

II. Балахьуниса ГIусман-багьадур, тушманзабазе рахIат толароан, гIарадаялъул гуллица кIиябго хIетIе тIезабун букIана.

I2. Генуса Ибрагьимов ХIусейн-багьадур, лебалав рагъухъан.

I3. Гьарадерихъа Оцав (Усав) - багьадур. Чачаназул Белти абулеб некIсияб росулъ нижеда бицана щибаб сордоялъ гьев лъеда хадув ГIандигIурухъе виччалаанила ва гьебги босун вачIунаанила.

I4. Харахьиса ГIалихан-багьадур, гIалимчи, махщел тIокIав устар.

I5. ГIоратIаса ГIаликул ХIусен-Шамилил ритIухъав мурид, бахIарчи, гьесул тIолабго хъизан АхIулгохIда хвана.

I6. ГIоратIаса СагIаду-АхIулгохIалъул бахIарчи. Гьесулги тIолабго хъизан гьенибго хвана.

I7. ГIуркIачIиса МуртазагIалил вас МухIамад-имамасул гьудул, гьебго заманалда гьесул даимал аскаразул (низамалъул) бетIер вукIарав Муртаза абурав цIодорав ва кинабго жо лъазе бокьулев гIолилав васасул эмен.

I8. МачIадаса МуртазагIали-Шамилил ракI-ракIалъулав гьудул.

I9. ХIотодаса МухIамадгIали-багьадур, хвана бахIарчи гIадин.

20. Сугъралъа Къокъав ГIумар-лъелго хIежалде Маккаялде щварав кIудияв гIалим.

2I. ТIиндиса Бусайлав-хIинкъи-къай лъаларев рагъухъан, гьес чIвана областалдаги тира-сверун топографиялъул суратал рахъулел ва кьуру-гIусазул роценал гьарулел рукIарал гIурусазул начальникзаби ва гьединго ккуна Паличул МухIамад. Гьесухъа ва цадахъ вукIарав чиясухъа бахъана гIурусазул начальникзабаз гьезие кьун букIараб бечелъи.

22. Дилималдаса Султанбег-Кавказалъул рагъул бахIарчи, рагъулаб нух байбихьана жеги ГъазимухIамад имамасда цадахъго, цо рагъулаб дандчIваялда махIрумлъана бералдаса. Аргъванир ва АхIулгохIда ккарал киналго рагъаздаса гьес Шамил цIунулев вукIана. Хвана АхIулгохIдаса нахъе унаго пачаясул солдатазул кьвагьиялдаса жиндирго керенги кьун Шамил цIунулаго. ЦохIо къоялда АхIулгохIда гьес чIвана I50ялде гIагарун тушман.

23. Щобокьа Давудбег-бахIарчи хIисабалда хвана Шамилида цеве. Гьесул гьунаразул хIакъалъулъ Шамилица хъвана I852 соналда Салатавиялъул наиб Буртунаялдаса Гъайирбегил цIаралда битIараб жиндирго кагътида.

24. ГьоцIалъа ГIамирхан-бег - имам ХIамзат-бегил гьитIинав вац. Хвана I839 соналъул 23 июлалда хъалаялдаса къватIивеги лъугьун АхIулгохIда цебе букIараб гIурусазул батарея щущазабулаго.

25. ГIоратIаса ГIаликул ГIумар-бахIарчи, къо хIехьолев ва лебалав мюрид.

26. ГIоратIаса Сакул ХIадис-АхIулгохIалъул бахIарчи.

27. Унсоколоса МухIамадгIали-захIматго лъукъарав гьев но хъода жанив мумиялде сверана ва лъугьана будалаълъун. ХIинкъи гьечIев рагъухъан.

28. Гьидалъа ХIусен-Унсоколоса МухIамадгIалида цадахъ лъукъарав гьев гьесдаго цадахъ цого нохъода жанив вукIана, хIинкъи гьечIев рагъухъан.

29. ГIалиаскар-хIажи-апанди - цахурав, бихьинчияв мугьажир, гIалим, мулла, кIицIуса лъукъун вукIана. АхIулгохIда кидаго нухмалъи гьабулаан хварал рукъиялъе, живго вукIана Куба улияталъул Цахул росулъа. Шамил асирлъуде ккараб мехалъ, хъизангун цадахъ гьев Маккаялде ана ва гьенив вукъунги вуго.

30. ГьаракIуниса КъебедмухIамадил вас МухIамад - бахIарчи гIадин хвана. Вагъулев вукIана васгун цадахъ, I2 сон барав гьев хведал тушманасде кьвагьдана гьесул жаназаялда тIасан, васасда цадахъ живгоги хвана.

3I. ГьаракIуниса МухIамадил вас-бихьинчи гIадин хвана инсуда цадахъ.

32. ГIоратIаса НурмухIамадил вас Маза-АхIулгохI цIунулел тIоцересел къояздасанго живго вихьизавуна бахIарчилъун.

33. ГIоратIаса МусахIажияв-тунка-хIусиялъулъ гIахьаллъизе байбихьана жеги ГъазимухIамадида цадахъго. ГъазимухIамад чIвараб къоялда гьев бералдаса ватIалъана, бихьинчи гIадин АхIулгохIда хвана.

34. ГIамирханил вас Малачи-ГIашилтIа росулъа, хвана «Сурхайил сивухъ» жанив, АхIулгохI цIунарал бищунго машгьурал бахIарзазул цояв.

35. ГIашилтIаса Малачил вас Сурхай-багьадур, бахIарчи гIадин хвана.

36. ГIашилтIаса ХIажияв-хIалхьи лъаларев багьадур, хвана гьесул кинабго цебесеб гIагарлъиялъул гIадамалги.

37. ГIашилтIаса НухIа-гьесул бахIарчилъиялъул хIакъалъулъ руго гIемерал биценал.

38. ГIашилтIаса КIудияв МухIамад-Шамилил лебалав ва бахIарчияв мюрид.

39. ГIашилтIаса АхIмадхIажияв-рагъазул бахIарчи, Шамилица тIадегIанаб къимат кьолаан гьесул лебаллъиялъе.

40. Унсоколоса ТIагьир-бахIарчи, имамасул божарав мюрид.

4I. Генуса ГIусман-Шамилил яцалъул вас, бахIарчи гIадин хвана.

42. ГIашилтIаса Даришиласул вас МухIамад-бахIарчи гIадин хвана.

43. ГIашилтIаса Малачил вас МухIамад-АхIулгохIда бихьинчи гIадин хвана.

44. ГIашилтIаса Малачил вас Гъази-кваридаги вухьун ГIандигIурулъе лъеда хадув виччалаго хвана.

45. Белти росулъа Султан-чачанав, АхIулгохIде вачIана Ахъбердил МухIамадида ва ичIго сон барай жиндирго яс ПатIиматида цадахъ. Эменги ясги хвана бахIарзал гIадин.

46. ЧIиркъатIаса ХIатIалгьечI-хвана бахIарчи гIадин (хIакъикъияб цIар лъазе кIвечIо).

47. ЧIиркIатIаса Имангъалав-хвана бахIарчи гIадин.

48. ЧIиркъатIаса Хизил ГIали-АхIулгохIалъул бахIарчи, чанго нухалда лъукъун вукIана.

49. ЧIиркъатIаса Хамиз-ГIашилтIаса ПатIиматил бахIарчилъи такрар гьабуна гьелъ.

50. ЧIиркъатIаса Халаймеседо-гьей кIияйго ясалъ (Хамизица ва Халаймеседоца) жидерго умумузе ва вацазе кумек гьабулеб букIана тушманасул гьужумал нахъчIвазе. КIиявго эмен гIумруялдаса ратIалъидал бакI хисун рагъана, АхIулгохI цIунарал ахирал къояздa, кодор хунжрулгун, хвалчабигун, бихьинал гIадин рагъана. Тушманасухъе асирлъуде ккечIого рукIинелъун, захIматго лъукъарал гьел, ГIандигIурулъе кIанцIана.

5I. ГIашилтIаса Хану-Шамилгун цадахъ эркенлъуде ворчIарав ва хадувккун кIудияв гIалимлъун вахъарав КъурбангIалил эбел, жиндирго гIолохъанав вас хвасар гьавулаго АхIулгохIда багьадур гIадин хвана.

52. ГIашилтIаса Париханил эбел-жиндирго вац хвасар гьавулаго АхIулгохIда хвана. АхIулгохIалъул реццалъул цIар тIибитIизабуразул цояй.

53. ГIашилтIаса НухIав-АхIулгохI сверун ккурал ахирал къоязда бахIарчи гIадин хвана, хIехьана рагъул киналго захIмалъаби.

54. ГIашилтIаса Урдаш-АхIулгохIда вагъулев вукIана, хадусеб къисмат лъазабизе кIвечIо.

55. Генуса Жавгьарат-имам Шамилил чIужу, захIматго лъукъун йикIана, асирлъуде ккеялдаса хвел тIаса бищана.

56. Шамилил ва Жавгьаратил вас СагIид эбелалда аскIов хвана, гьесул букIана гIицIго кIиго сон.

57. Шамилил яц ПатIимат-лъимаде йикIана, тушманасухъе ккечIого йикIинелъун ГIандигIурулъе кIанцIана.

58. ГIоратIаса ПалибегхIажиясул вас Юсуп-бахIарчи гIадин хвана.

59. Дилималдаса ГIумахан-гьесул букIана I6 сон, гIужда туманкI речIчIизе букIана бергьараб гьунар. Шамилил буюрухъалда рекъон гьев вахчизавун вукIана кьурул каранда бугеб хъитIалда нахъа. Гьенисан алхинчIого туманкI речIчIун гIемерал тушбаби чIвана гьес, Хвана ахириял къояз вахчараб бакIалда гIарададул гулла щун.

60. Дилималдаса Сулейман-чанго нухалда лъукъун вукIана, 2I августалда тушманасул хучдузде тIаде кIанцIун шагьидлъана.

6I. Гертмаялдаса Шамсудин-рагъул бахIарчи, ахириял къоязда хвалилал ругънал щун вугев чи, аскIосан унев вукIарав гIурусазул офицерги хадув цIан кьурулъа гъоркье ГIандигIурулъе кIанцIана.

62. Ц1обокьа ГIумаханил Нуцал-ракI къвакIарав бахIарчи.

63. ЦIобокьа Халикъ-чанго нухалда лъукъун вукIана, бахIарчи гIадин хвана.

**(Хадусеб бук1ине буго)**

## Редакциялде кагъат

# КIвар буссинабилародай?

Ахирияб заманалда къойилго гIадин рарал цIадаз кIудияб пасалъи лъугьунеб буго Унсоколо росдал нухазда. Гьелъие гIилла буго росу лабаллъуда букIин ва иххалъ асфальт тIурал къватIал жаниса рахъизарулел рукIин.

Гьеб гуребги киса-кибего казначейство, райУНО, ПОМ учреж-



дениял ругеб къотIноб асфальт тIезего тIечIо. Щибаб гьоркьохъебцин цIад бараб мехалъ гьенир рахъула чIахIиял хъитIал. КватIичIого рачIун ракьул машинабиги чIехьон гьел рацула СКХялъ. Гьедин кIиго машина ракьулги бан битIизабуна гьел чанго къоялъ цере, амма къасде бараб пасатаб цIадаца цебе къотIун ана ракь, рахъана дагьалги чIахIиял хъит1ал. Росабалъаги машинабигун гIадамал рачIунеб къотIноб гьабагIаталда буго гвендаххараб нух, хвезарулел руго машинаби, кIудияб кIкIалалде свераpаб нухалъ цIикIкIарал захIмалъаби руго авалалъул гIадамазе.

КIвар буссинабилародай гьелде Унсоколо росдал ва районалъул нухмалъиялъ!?

**Авалалъул гIадамал**

## ОБЪЯВЛЕНИЕ

Фонд поддержки детей, находящихся в трудной жизненной ситуации, с 1 марта 2016 года проводит конкурсный отбор инновационных социальных проектов муниципальных образований, направленных на развитие системы социальной поддержки детей, находящихся в сложной жизненной ситуации, на муниципальном уровне.

Цель конкурса – отбор проектов, направленных на достижение и практическое закрепление на муниципальном уровне эффективных изменений в системе работы по решению жизненно важных проблем детства, профилактике детского неблагополучия и социальной поддержке детей, находящихся в трудной жизненной ситуации.

Проекты реализуются в период с 1 апреля 2017 года по 30 сентября 2018 года.

Объем финансирования одного проекта до 2 млн. рублей.

Условия проведения конкурса изложены в Положении о конкурсном отборе инновационных социальных проектов и информационном сообщении о проведении конкурса, размещенных на интернет портале Фонда (www.fond-detyam.ru)

**Ахихъан**
*Районалъул газета*
*№ 34 (7226)*
*19 август 2016 сон*

*3 гъумер*

***С а д о в о д***

**Страница в номере**




# Встреча с кандидатом в депутаты в Гос. Думы

11 августа в Унцукульский район для встречи с избирателями приехала кандидат в депутаты Государственной Думы по Южному округу Республики Дагестан Юзик Юлия Викторовна.

Она рассказала жителям Унцукульского района, почему она решила участвовать в выборах, почему выбрала именно Дагестан, и какие проблемы намерена решать в первую очередь в случае, если избиратели окажут ей доверие. На данный момент в Буйнакске открыта общественная приемная кандидата в депутаты ГД, в которую уже поступили десятки звонков и обращений.

«Я Юлия Юзик, мне 35 лет, я мама четверых детей, журналист и писатель, автор книг о Кавказе, - начала свое выступление Юлия. – Мое знакомство с Дагестаном началось в 2001 году. Тогда я впервые приехала сюда в гости к своим друзьям, которых у меня тут очень много. В 2010 году я приехала сюда по работе. Не раз приезжала с детьми и отдыхать сюда, и все удивлялись, как ты можешь ехать в Дагестан? Там же стреляют, убивают? Мне захотелось изменить это представление о Дагестане. Республике, у которой огромный потенциал. В регионе есть запрос на перемены, есть все условия и возможности для проведения реформ, привлечения инвестиций. Это все делается , но я хочу еще больше делать, хочу изменить ситуацию.

Одним из главных пунктов в предвыборной программе Юлии Юзик является создание логистического центра для доставки всех произведенных в Дагестане товаров в Москву и другие регионы России. По словам Юзик, у Дагестана огромный потенциал в этом деле: тут экологически чистые абрикосы, персики, другие фрукты, овощи, мед, сыр, о которых мечтают жители мегаполисов России. «Можно было бы создать бренд «Сделано в Дагестане», или «Горный Дагестан» и выпускать целый ряд продукции, и поставлять его в другие регионы. И люди узнали бы Дагестан с другой стороны».

Также среди других задач кандидат назвала решение вопросов, связанных с безработицей, зоной затопления, выплаты компенсаций, вопрос сохранности экологии. По словам Юлии Викторовны, она в курсе всех проблем, которые волнуют как жителей Унцукульского района, так и других районов выбранного ею округа. Поэтому их решение станет для нее делом чести. «Я журналист, и гораздо больше знаю о проблемах простых людей, чем политики, чиновники, - заявила на встрече Юлия Юзик. – Я хочу быть полезна вам, хочу привлечь в регион инвестиции, хочу развивать тут туризм. Буду использовать для этого свои связи в СМИ».

Участники встречи задали кандидату вопросы, касавшиеся жизни района. Среди них – выплата компенсаций по зоне затопления, плачевное положение в экологии селения Ирганай, постановка на профилактический учет лиц, не причастных к террористической деятельности и многие другие. Кандидат в депутаты записала все вопросы, обещая их решить или довести до руководства страны.

# *Хочется созидать, делать, помогать*

*(Интервью с кандидатом в Госдуму от Южного округа РД Юлией Юзик)*



**-Юлия, сегодня на встрече с жителями Унцукульского района было озвучено большое количество проблем. Вообще реально ли их решение в случае, если Вы станете депутатом? Будет ли это входить в вашу компетенцию, возможности? И если, да, то с чего начнете?**

- Во-первых, я начну решать эти проблемы независимо от того, стану я депутатом или нет. Ближайшее время я уже планирую выехать в Москву, и я хотела бы вынести самые важные вопросы унцукульцев на обсуждение уже сейчас. К примеру, списки лиц, попавших на профилактический учет. Как я вижу, этот вопрос очень волнует жителей района. Планирую составить открытое письмо на имя председателя Совета Безопасности, и озвучить данную проблему. Мы можем эту тему продвигать в федеральных СМИ. Что касается темы выплаты компенсаций, я знаю, что это очень тяжелая тема, практически неподъемная. Мне кажется, что самое главное сейчас – четко сформулировать свои мысли, просьбы, требования. Все зависит от подачи. Я готова выступить проводником, и активно озвучивать эти вопросы. У меня очень много коллег в СМИ. Ко мне, как к необычному кандидату, приковано внимание международных журналистов, политиков. Надо использовать этот момент. От вас я хотела бы, чтобы вы почетче сформулировали свои требования, и мы вместе коротко, но ясно донесли бы это до нужных лиц. Ведь все взаимосвязано: отсутствие работы, диалога власти и народа, последующее недоверие к власти, «лес», бандитизм и т.д. Гораздо легче и дешевле предотвратить проблему, донести ее, чем потом решать. Вот что нужно донести до власти.

**- Вы намерены озвучивать очень острые вопросы и проблемы дагестанцев в Государственной Думе. Это не идет вразрез с вашей предвыборной программой, главным пунктом в которой является создание позитивного имиджа республики?**

- Эти проблемы нужно решать изнутри, я буду доносить их до людей, которые могут их решить. Проблему надо сперва решить, потом уже развивать республику, привлекать инвестиции. Надо навести порядок, разобрать мусор во всех смыслах. И привезти людей, инвесторов, показать, насколько привлекателен регион. Практически, ведь это почти Швейцария по своим климатическим условиям.

**- Говоря об имидже Дагестана, вы сказали, что весьма неприятно дагестанцам, приезжая в Москву, и другие города, встречаться с предвзятым отношением, поскольку СМИ только и делали, что передавали новости о «плохих дагестанцах». Как вы думаете, действительно дагестанцы такие невоспитанные? Или все же это – информационная политика?**

- Нет, дагестанцы не такие. Да, конечно, проблемы тут есть. Но Дагестан попал под пресс, весь негатив был связан с Дагестаном. Взрывы, стрельба, теракты – и все это – тревожным тоном по Первому каналу. Сейчас ситуация меняется. Глава Дагестана делает многое для того, чтобы изменить жизнь республики в лучшую сторону, улучшить его имидж. Нет внутреннего врага. Наоборот, все радуются, что россиянин, родившийся на Северном Кавказе, принес очередную золотую медаль на Олимпиаде. Ведь это – наш земляк! У меня большая надежда на то, что Дагестан оставят в покое, что здесь действительно начнется новый период, новая жизнь.

**- А приезжая в Дагестан, Вы сами сталкиваетесь с непониманием и трудностями?**

- Вы знаете, иногда да. Насколько Вам неприятно бывает в Москве ловить на себе и своем платке осуждающие взгляды окружающих, настолько и мне приходится встречать осуждающие взгляды тут, в республике. Многие скептически относятся к моей кандидатуре. Чего она хочет? Своих что ли не было? И так далее. Но я была готова к этому. Я люблю Дагестан, он мне близок по духу. Он очень полюбился моим детям. Они даже говорили, а почему мы раньше здесь не жили, мама? (улыбается). Я не знаю, с чем это связано, но мне в Дагестане комфортнее, чем в Москве. Я практически чувствую себя тут, как дома. Понятна подозрительность людей к моей кандидатуре. Я не хочу кого-то строить из себя, надеть платок, подкупить этим своих избирателей. Я хочу оставаться собой, но показать, на какие дела я способна. Согласитесь, надо обладать определенной степенью дерзости и смелости, чтобы пойти в политику от Дагестана. И я для себя решила: либо примут, либо нет. Но до конца будут отстаивать интересы дагестанцев.

**- Кстати, о детях. Как Ваша семья относится к вашему решению податься в политику?**

- Моя семья – это я и мои четверо детей. Они относятся хорошо, поддерживают меня. Сейчас снимаем квартиру в Махачкале. Им очень тут нравится. Ездили с ними в горы, на море были.

**- Свою журналистскую деятельность Вы построили на освещении темы терроризма и экстремизма. Вы оставили эту тему в прошлом? Или будете заниматься ею и дальше?**

- Я эту тему для себя, честно говоря, закрыла. Мне очень хочется что-то создать. Созидать, делать, помогать. Тяжело было 10 лет заниматься темой, связанной со смертью. Сейчас у меня есть энергия сделать что-либо полезное для Дагестана. Кризис решаем, буду этим заниматься. А эта тема пусть останется в прошлом, моем и вашем. Если даже я не стану депутатом, очень хочу создать фонд поддержки сельских учителей и талантливых сельских детей. Мне кажется, это благородное дело. Для меня это очень важно.

## УЧАСТКОВАЯ ИЗБИРАТЕЛЬНАЯ КОМИССИЯ № 1486 С ПОЛНОМОЧИЯМИ МУНИЦИПАЛЬНОЙ ИЗБИРАТЕЛЬНОЙ КОМИССИИ МУНИЦИПАЛЬНОГО ОБРАЗОВАНИЯ СЕЛЬСКОГО ПОСЕЛЕНИЯ «СЕЛЬСОВЕТ БАЛАХАНСКИЙ» УНЦУКУЛЬСКОГО РАЙОНА РД

«__08__»____08_____2016 года №____02___
«____10_____ч.___30_____мин.

РЕШЕНИЕ

### о регистрации кандидатов в депутаты Собрания депутатов сельского поселения МО «сельсовет Балаханский» шестого созыва

В соответствии с п. 22 ст. 44 Закона РД «О муниципальных выборах в Республике Дагестан» и рассмотрев документы, поступившие в избирательную комиссию от граждан Российской Федерации, выдвинутых местным отделением дагестанского регионального отделения ВПП «Единая Россия» кандидатами в депутаты Собрания депутатов МО «сельсовет Балаханский» шестого созыва, участковая избирательная комиссия № 1486 **решила:**

1. Зарегистрировать кандидатом в депутаты Собрания депутатов МО «сельсовет Балаханский» по единому многомандатному округу №1:

1.1. Абдулвахидов Абдулвахид Загидович, дата рождения - 2 мая 1976 года, основное место работы или службы, занимаемая должность, род занятий -временно не работает, место жительства - Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Балахани

1.2. Ахмедов Расул Магомедович, дата рождения - 21 августа 1966 года, основное место работы или службы, занимаемая должность, род занятий -временно не работает, место жительства - Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Балахани

1.3. Гамзатов Расул Кабирович, дата рождения - 17 сентября 1975 года, сведения о профессиональном образовании - ДГУ, 1997 г., основное место работы или службы, занимаемая должность, род занятий - временно не работает, место жительства - Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Балахани

1.4. Гитинмагомедов Магомед Халилович, дата рождения - 7 декабря 1967 года,основное место работы или службы, занимаемая должность, род занятий - временно не работает, место жительства - Республика Дагестан

1.5. Имангазалиев Магомед Абулкасимович, дата рождения - 3 ноября 1968 года, основное место работы или службы, занимаемая должность, род занятий - временно не работает, место жительства - Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Балахани

1.6. Магомедалиев Гаджи Магомедович, дата рождения - 17 ноября 1971 года, основное место работы или службы, занимаемая должность, род занятий - временно не работает, место жительства - Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Балахани

1.7. Магомедов Жамалудин Гамзатович, дата рождения - 28 августа 1963 года, основное место работы или службы, занимаемая должность, род занятий -временно не работает, место жительства - Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Балахани

1.8. Нурмагомедов Гаджимурад Магомедмирзаевич, дата рождения - 2 октября 1987 года, сведения о профессиональном образовании - ДГПИ, 2010 г., основное место работы или службы, занимаемая должность, род занятий - временно не работает, место жительства - Республика Дагестан, Унцукульский район, с. Балахани

1.9. Нурмагомедов Юнус Муршидович, дата рождения - 20 декабря 1977 года, основное место работы или службы, занимаемая должность, род занятий - временно не работает, место жительства - Республика Дагестан, Унцукульский район, с.Балахани

1.10. Якубов Ахмед Абдулвагабович, дата рождения - 10 июня 1962 года, основное место работы или службы, занимаемая должность, род занятий - временно не работает, место жительства - Республика Дагестан

2. Выдать всем кандидатам в депутаты удостоверения установленного образца.

3. Настоящее решение опубликовать (обнародовать) на стенде и в местных СМИ.

**Председатель УИК № 1486 с полномочиями МИК МО СП «сельсовет Балаханский» Унцукульского района Республики Дагестан**
**_________________Г. Нурмагомедов**

**Секретарь УИК № 1486 с полномочиями МИК МО СП «сельсовет Балаханский» Унцукульского района Республики Дагестан**
**__________________ М. Ш. Магомедов**

## Байбихьулал бизнесменазе кумекал рукIина



ХI. МухIамадовас бихьизабуна байбихьулал бизнесменал пачалихъалъулаб кумекалде божизе бегьулин. – Бихьизабизе ккола арал соназда нужер районалъе гIемерал грантал щванин, гьединго цо-цоязда гIемерал уголовниял делабиги гьарунин. Гьаб соналда гьединал рахъал къазе руго. Гьел кколезе щвеялда ва хIалтIизабулеб бугеб куцалда хадур нижеца хъаравуллъи букIинабизе буго.

Гьенибго гьес бихьизабуна районалда МФЦ хIалтIулеб букIиналъ грантал гьариялъе кIудияб кумек бугилан. «Нижеца хIаракат бахъизе буго инвестициязе гьабулеб хIалтIуеги»,-ян бихьизабуна МухIамадовас. – Цо бугони гьелъ район пайдаяблъун гьабула, гьелъие гьайбатлъи кьола, кIвар кьей цIикIкIуна. КIиабизе рукIина тIадеги хIалтIизе бакIал. Лъабабизе цIикIкIуна бакIалъулаб бюджет. БакIалъулал инвесторал цIикIкIинариялде кIвар кьолеб буго республикаялъул БетIерасги.

Бизнес цебетIеялъе гьаризе бегьула жидерго ясли-ахал, школал, жидерго мед. кабинетал, лъималазул лагерал, гьанал, рахьдал цехал, туристазул комплексал ва гь. ц.

Дагъистаналъул мугIрузда предпринимательство цебетIеялъе жидерго пикраби рицана совещаниялъул гIахьалчагIаз. «Нилъер буго гIемерго цебетIураб инфраструктура. Кинаб бугониги пикро бугев чиясе рес буго гьеб гIумроялде бахъинабизе,-ян абуна кIалъазе вахъарав С. АрулмухIамадовасги.

Гьединго данделъиялда специалистаз бицана пачалихъалъулал кумеказул къагIидабазулги, бизнес-планазул, налогал ракIариялъул ва цогидалъулги.

ЛЪАЗАБИ

2002 соналъул 26 июналда Шамильхъалаялъул гьоркьохъеб школалъ ГIабдулаев ГIабдулмажид Юсуповичасул цIаралда кьураб А сериялъул № 9242524 бугеб гIаммаб гьоркьохъеб лъай кьеялъул аттестат билун буго. Жакъа къоялдаса нахъе гьеб хIакъикъияб гуреблъун рикIкIуна

## КъурабеговМухIамад ХIажимухIамадович



Дол ракIгъанцIарал соназда ВатIан цIунун чIарал КIудияб ВатIанияб рагъул ветеранал нилъеда даимго кIоченаро. Амма гьезул кьерал къойидаса къойиде дагьлъун унел руго.

2016 соналъул 8 августалда 92 сонил гIумроялда нилъедаса ватIалъана ВОВалъул ва захIматалъул ветеран, ракI бацIцIадав ва ракI лъикIав инсан, гIумро лъугIизегIан божигун хьул цIикIкIарав МухIамад ХIажимухIамадович Къурабегов.

1924 соналда ГьаракIуни росулъ гьавурав МухIамад Къурабегов 1943 соналда фронталде ана. Рикьулаго ккана Грузия ССРалъул Гори шагьаралда бугеб запасалъулаб кьвагьдохъабазул 124 полкалде. ГIемераб мехалъ хутIичIо гьев гьенив. Фронталъе хIажат рукIана рагъухъа-би. КватIичIого МухIамад вукIана кIиабилеб Белоруссиялъул фронталда. ГIахьаллъана Смоленскиялъул рахъалда ккарал рагъазда. Гьениб МухIамадил квер лъукъана. Сах гьавун хадувги гьев цIидасан витIула Белоруссиялъул 2 полкалде. ЦIидасанги лъукъана, гьаб нухалда ругьун букIана цIакъго кIвар бугеб. Гьезул рагъулаб подразделение минометнияб цIадуда гъоркье ккана ва кесекалъ лъикIго хвезабун букIана бох. ЗахIматго лъукъарав МухIамад витIула Самаркандалде. Сахлъун хадув рагъулаб нухмалъиялъ гьесие кьуна анлъго моцIрол отпуск. Хадуб Буйнакскиялъул рагъулабгун врачазулаб комиссиялъ вихьизавуна рагъулал ишазе ярагьунаревлъун. Гьедин 1944 соналда лъугIана М. Къурабеговасе рагъ. Хадуб гьесул рукIана ракълилал хъулухъал. Гьев вукIана учительлъун, колхозчилъун. Хадуб МахIачхъалаялда партийнияб школа лъугIун хадуб вукIана инструкторлъун, пропагандистлъун. МухIамад ХIажимухIамадовичас ахирисел къоязде щвезегIан тIамуна общественниябгун политикияб рахъалъ хIаракатаб гIумро. Гьев школазда ва цогидалги тадбиразда гIемер цеве вахъунаан гIолеб гIелалда.

МухIамад ХIажимухIамадович Къурабеговасул гIумро гьанжесеб гIелалъе унго-унгояб мисаллъун хIутIила хадубккунги.

**«Унсоколо район» МОялъул администрациялъ, районалъул Собраниялъ, живго районалъул бетIер ГI. МухIамадович НурмухIамадовас, госучреждениязул ва общественниял хъулухъазул райкомсоюзалъ гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго хIурматияв инсан МухIамад ХIажимухIамадович Къурабегов хвеялда бан, тIолабго гIагарлъиялда.**

Унсоколо районалъул цогояб информационнияб Централъ ва районалъул «Ахихъан» газеталъул хIалтIухъабаз гъваридаб пашманлъиялдалъун зигара балеб буго
**МухIамад Къурабегов**
Аллагьасул къадаралде щвеялда бан гьесул васазда ва тIолабго гIагарлъиялда.
Аллагьас гьесие алжан насиб гьабун батаги, нахъе ругел Аллагьас цIунаги!


**Газета основана 1937 г.**

**УЧРЕДИТЕЛЬ:**
**Администрация Унцукульского района**

**Главный редактор**
**Саният КЕБЕДМАГОМЕДОВА**

**Газета зарегистрирована Управлением Федеральной службы по надзору и сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по РД**

**Регистр. Пи № ТУ05-00284 от 20 марта 2014 г.**

**Позиция редакции может не совпадать с точкой зрения авторов, которые несут ответственность за достоверность и объективность, представленных для публикации материалов. Рукописи не рецензируются и не возвращаются.**

**Адрес редакции:**
**51373**
**Унцукульский район**
**с. Унцукуль**
**ул. Мустафаева 28**

**Телефон редактора**
**55-63-07**
**sadovoduns@yandex.ru**

Адрес издателя:
г. Махачкала
«Дом печати» ул. Акушинского 21

Подписано в печать 10. 18. 16 г. 17. 40
фактически -18. 40 мин.
........................................
Газета выходит 52 раз в год
на аварском и русском языках
Тираж - 1400 экз.